

## Manje ak Dlo

- ◆ Pou ou resiste nan emèjensi sitirasyon, pake dlo pou 3 jou, 1 gallon pa jou pou chak moun ki nan kay ou.
- ◆ Sere manje ki pap gate tankou manje nan mamit, sereyal manba, krakèz fwi sèch
- ◆ Eseye itilize sak odo ou byen valiz difèl pou ou kapab sanble tout zafè ou ansanm
- ◆ Pote istansil kizin ki pa sèvi ak kouran. Rasanble tout souplay ou ka bezwen anvan emèjensi, se yon pati enpotan nan planifikasyon pou dizaste.

## Lòt materyel ou bezwen

- ◆ Pakéj pou premye swen
- ◆ Radyo ki mache ak pil
- ◆ Limye flach avèk pil de rechanj
- ◆ Anplèt pou pèsònèl ijèn
- ◆ Soulye ki pa glise avèk rad
- ◆ Zouti pou reparasyon epi pou fèmen itilite yo
- ◆ Medikaman doktè preskri
- ◆ Linèt, aparèy pou ede-w tande
- ◆ Manje ak medikaman pou bèt yo
- ◆ Pwovisyon pou ti bebe ak granmoun yo

## Sit entènèt ki enpotan nan kapreparasyon pou dizaste

- Collierprepares.org
- Ready.gov
- Colliergov.net
- Floridadisaster.org

## Sa Nou Bezwen nan ka Emèjensi



### *Sa ou bezwen nan machine ou*

Yon je dansanm pou machin'n ki gen ladanl souplay pou ka emèjensi tankou Dlo ak manje, dyonp kòd, blanket. Kite selila fòn ou chaje epi plen machin'n ou gaz anvan yon evènman rive, paske damaj nan en-frastrikti yo kon'n lakòz kouran koupe, epi tou nou pa kapab jwenn gaz .

*Pou plis enfomasyon, rele nan nimewo sa yo*  
Phone: (239) 252-8200

**Vizite sit entènèt nou nan:**

<http://www.collierhealthdept.org>

Kolye konti Depatmen la sant'e se yon anplway'e ki bay tout moun men-m opo'tinite



# Preparasyon nan Ka Emejensi

## Developman plan dezastè rezidansyal

Kolye Florida Depatman santé devlope yon pwogram pou asiste moun ki abite nan zòn ki pa anfòm yo nan efò pou emèjensi preparasyon. Yo vle ou genyen resous ki pou edike'w, mete'w an alèt, epi tren ou pou ou kapab fè fas avèk chalanj nan moman katastwòf natirèl ou byen sa moun lakòz.

RED plan ap toujou kominike moun nan zòn say o enfòmasyon ki soti nan santé piblik, ak nan lòt òganizasyon tankou “organizational Continuity of Operations Planning (COOP), ak “development of an all hazards operations plan (EOP)” Oka gen yon katastwòf, move tan, bioteyoris evènman, ou byen yon gwo epidemic maladi kontajez tankou grip ki anvayi tout zòn. Moun nan Zòn sible yo ap kapab prepare pou pwoteje moun yo renmen yo nan moman katastwòf.

Pou ou kapab jwen' n enfòmasyon sou RED plan pwogram nan, kontakte Preparedness nan: (239) 252-2631.



## Preparasyon pèsònèl kat etap pou prekosyon

Ou men'm ak tout fanmi ou kapab ogmante mwayen defans ou nan moman katastwòf lè ou prepare ou an avans epi travay ansanm tankou yon ekip. Konnen sa wap fè se pi bon pwoteksyon ou ka pran. Sèvi avèk “kat etap pou prekosyon” plan pou katastwòf la pou ou kapab pi byen prepare'w pou emèjensi. Pran yon kopi Jodi a nan [Collierhealthdept.org](http://Collierhealthdept.org), nan paj Preparedness la.

### Konpran'n sa ki kapab rive

Emèjensi tankou ak teyoris, dife, inondasyon, malady kontagèz, ou byen lòt natirèl katastwòf tankou toubiyon, siklòn ka frappe nenpòt moun, nenpòt kote.

### Kreye yon plan pou katastwòf

Diskite ki kalite emejensi ou byen katastwòf ki gen plis chans rive epitou kisa nou dwe fè nan chak ka yo. Travay ansanm avèk vwazen ou ka ede sove vi ansanm ak byen. Chache konnen ki talan vwazen ou genyen epi konsidere kijan ou menm tou ou ka ede vwazen nan bezwen espesyal li.

### Lis pou emèjensi: kisa ou ap bezwen

Sanble sa ou ap bezwen pou emèjensi yo epitou fè yon emèjensi pakèj. Sanble ase bagay lakay ou ki ka repon'n ak bezwen ou ak fanmi'w pandan twa a senk jou.

### Manaje plan ou

Repase plan ou chak si mwa epitou by fanmi ou yon ti tès sous a yo dwe fè. Se toujou ankourajan pou sitwayen enplike nan patisipe aktivman nan prepare kominote ya epitou ede lòt yo. Pou volontè opòtinite, tanpri kontakte (239) 252-7618.

## Preparasyon

Florida Depatman santé kolye konti asosye ansanm avèk Kolye Emejensi Manajman epi local la Kwa wouj pou asiste kominote ki baze sou fwa yo (Kreyèn) nan efò preparasyon yap fè.

Yo vle ou genyen resous ki pou edike'w, mete'w an alèt, epi tren ou pou ou kapab fè fas avèk chalanj nan moman katastwòf natirèl ou byen sa moun lakòz. Depatman santé ap toujou kominike òganizasyon kreyèn yo enfòmasyon ki soti nan santé piblik, ak nan lòt òganizasyon tankou “organizational Continuity of Operations Planning (COOP), ak “development of an all hazards operations plan (EOP)” Oka gen yon katastwòf, move tan, bioteyoris evènman, ou byen yon gwo epidemic maladi kontajez tankou grip ki anvayi tout zòn. òganizasyon kreyèn yo ap kapab prepare pou pwoteje manm kongregasyon yo nan moman katastwòf.

Pou ou kapab jwen' n enfòmasyon sou inisyativ pou òganizasyon kreyèn yo, kontakte Preparedness nan: (239) 252-2631.

